# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–04 फरवरी 2025** **भोजपुरी समाचार**

भूटान नरेश जिग्मे खेसर नामग्याल वांगचुक आजु प्रयागराज के महाकुंभ में त्रिवेणी संगम पर पवित्र डुबकी लगवलें। उनके साथे प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो मौजूद रहलें। एगो रिपोर्ट–

***भूटान नरेश आज सुबह प्रयागराज पहुंचे और मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के साथ त्रिवेणी संगम पर आरती की। उन्होंने संगम घाट पर नाव की सवारी की और साइबेरियन पक्षियों को भी दाना डाला। इसके अलावा उन्होने प्रयागराज में अक्षयवट और बड़े हनुमान मंदिर का दर्शन किया। वहीं डिजिटल महाकुंभ अनुभूति केंद्र के माध्यम से, आधुनिक तकनीक के जरिए, महाकुंभ की गहराई को भी समझा। भूटान नरेश का यह दौरा, भारत–भूटान की मित्रता एवं सांस्कृतिक संबंधों को और अधिक सुदृढ़ करने की दिशा में एक महत्वपूर्ण कदम है। दीपेंद्र कुमार, आकाशवाणी, समाचार प्रयागराज।***

भूटान नरेश अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु प्रयागराज महाकुंभ के आरतियो मे सामिल भइलें। एह मौका पर प्रदेस सरकार क कैबिनेट मंत्री स्वतंत्रदेव सिंह अउर नन्द गोपाल गुप्ता नन्दियो मौजूद रहलें।

**********

बसंत पंचमी तिउहार के सथहीं मथुरा जिला के साथे पूरा ब्रज मंडल में चालीस दिन ले चले वाला फगुआ महोत्सव सुरू हो गइल बाटे। जिला के वृन्दावन, गोबर्धन, बरसाना, नन्द गांव, अउर बलदेव के सथहीं सज्जों प्रमुख मंदिरन में परंपरा के साथे ई उत्सव मनावल जा रहल हवे। वृन्दावन के बांके बिहारी मंदिर में काल्हि ठाकुर बांके बिहारी के गुलाल लगवले के सथहीं सुरू भइल ई महोत्सव देस विदेस के सरधालुअन अउर पर्यटकन के विसेस आकर्षण क केन्द्र रहल हउवे।

**********

बनारस में कासी तमिल सगंमम क तिसरा चरण पनरह फरौरी से सुरू होई। प्रसासन एकरे बदे तइयारी तेज कइ दिहले हवे। आयोजन के बारे में काल्हि भइल बइठकी में जिलाधिकारी एस राजलिगम सज्जों जरूरि तइयारी समय से पूरा कइले क निरदेस दिहलें। उहां के अधिकारियन से प्रतिभागियन के ठहरे वाले होटलन क जल्दीये सत्यापन करावे अउर भोजन क बेहतर प्रबंधन सुनिश्चित करे के कहललीं। कासी तमिल संगमम क तिसरका चरण चौबीस फरौरी ले चलि।

**********

मिल्कीपुर विधान सभा सीटि पर उप चुनाव बदे पोलिंग पार्टी कुल्ही सज्जो मतदान स्थल पर पहुंचि गइल हइनि। ओइजा बिहने तीनि लाख सत्तर हजार आठ सौ ओन्तिस मतदाता दस गो ओम्मेदवारन के भाग्य क फैसिला करिहें। प्रस्तुत बाटे आकाशवाणी प्रतिनिधि क एगो रिपोर्ट–

***अयोध्या के मिल्कीपुर उपचुनाव के लिए राजकीय इंटर कॉलेज से 414 बूथों के लिए पोलिंग पार्टियों पहुंच चुकी है कल शाम प्रचार समाप्त होने के बाद से दोनों प्रमुख दल के कार्यकर्ता घर–घर संपर्क कर रहे हैं अब देखना होगा कि कल सुबह सात बजे से लेकर शाम पांच बजे तक का मतदान और 8 फरवरी की मतगणना किसे जीत का सेहरा पहनाती है,फिलहाल निर्वाचन आयोग ने सख्त सुरक्षा के बीच पारदर्शी चुनाव के प्रति प्रतिबद्धता जताई है,तन्मय सोनी आकाशवाणी समाचार अयोध्या।***

एह बिच्चे उप चुनाव के नाते निरवाचन आयोग बिहने भिन्नही सात बजे से संझा साढे छौ बजे ले एग्जिट पोल पर रोक लगा दिहले हउवे।

**********

मऊ जिला क परभारी मंत्री अउर प्रदेस सरकार में खेल आ युवा कल्याण विभाग क राज्य मंत्री स्वतंत्र प्रभारी गिरीश चन्द यादव आजु जिला क दौरा कइलें। उहां के निर्माणाधीन आईटीआई वर्कशॉप अउर जिला अस्पताल के इमरजेंसी वार्ड क निरीक्षण कइलीं। प्रभारी मंत्री अस्पताल में मरीजन के मिले वाली सुविधों क जनकारी लिहलीं।

**********

फार्मर रजिस्ट्री तइयार कइले के ममिला मे जौनपुर जिला प्रदेस में दुसरा स्थान पर बाटे। ई जनकारी ओइजा क जिलाधिकारी डाक्टर दिनेश चन्द्र दिहलें। फार्मर रजिस्ट्री भइले से किसानन के किसान सम्मान निधि के सथहीं अउरियों सज्जों योजना क पारदर्शी तरीका से फायदा मिली पाई।

**********

आजु पूरा देस में **विश्व कैंसर दिवस** मनावल जा रहल हउवे। कैंसर के बारे मे जागरूकता बढ़ावे बदे एकरे रोक थाम अउर इलाज के प्रोत्साहित करे खातिर हर सालि चार फरौरी के ई दिन मनावल जाला। प्रदेस में मिरजापुर जिला के मंडल स्तरीय जिला अस्पताल में आजु एह मौका पर जन जागरूकता कार्यक्रम क आयोजन कइल गइल। एकरे जरिए सनेसा दिहल गइल कि कैंसर के जल्दिए पहिचान भइले से अउर इलाज सुरू कई दिहले से रोग के जटिलता पर काबू कइल पावल जा सकेला। बनारस जिला में आयोजित कार्यक्रम में मुख्य चिकित्साधिकारी डाक्टर संदीप चौधरी कहलें कि समय से पता चलले पर कैंसर क इलाज आसान हो जाला।

**********

मौसम विभाग पूरबी उत्तर प्रदेस के कुछु जिलन में अगिला बारह घंटा के भीतरे कहीं–कहीं बरखा अउर कुछु जगहिन पर गरज चमक के साथे तेज बुन्नी परले क चेतावनी जारी कइले हवे। विभाग के मोताबिक एह इलाका में बिहने अउर परसो मौसम सुक्खल रहि हालांकि

ढेरि राति अउर भिन्नही के कुछु जगहिन पर हल्लुक से लेके मध्यम कुहेसा छवले क आगम बाटे। एह बिच्चे पच्छिमी उत्तर प्रदेस के बदायूं, मैनपुरी, फर्रूखाबाद अउर शामली के सथहीं कई गो जिलन में आजु रूकि–रूकि के हल्लुकाहे बरखा अउर बुन्नी पड़त बाटे। बरखा भइले से एह जिलन में ठंडी बढ़ि गइल हउवे।

**********